



Pou Piblikasyon Imedya: 31/08/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO LWA SOU PÒ ZAM KACHE YO ADOPTE AN  
REPONS A DESIZYON ENPRIDAN LAKOU SIPRÈM NAN KI ANVIGÈ 1 SEPTANM  
2022**

*Chanjman règlemantè yo abòde desizyon Lakou Siprèm Etazini an nan zafè New  
York State Rifle & Pistol Association Inc. v. Bruen*

*Nouvo kondisyon pou moun k ap chèche jwenn pèmi pou pote pistolè kache yo  
enkli fòmasyon pou zam afe, entèvyou an pèsòn, ak revizyon rezo sosyal, pami  
lòt*

*Restriksyon sou pò zam kache yo aplike nan kote ki sansib tankou Times Square,  
ba, bibliyotèk, lekòl, bilding gouvènman yo ak lopital*

*Sètifikasyon oswa renouvèlman pèmi kounye a obligatwa chak twa ane*

*Eta a lanse yon nouvo [sitwèb sou sekirite zam](#) pou bay piblik la, pwopriyetè zam  
yo ak machann zam yo yon lokal konplè ak inik pou jwenn enfòmasyon sou  
nouvo lwa yo*

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te raple Nouyòkè yo ke lwa ranfòse sou zam yo te adopte apre desizyon Lakou Siprèm Etazini an te pran pou li anile pwosesis otorizasyon pou pistolè eta a ki gen yon syèk la antre anvigè jedi 1 septanm. Lwa yo genyen verifikasyon ranfòse antesedan yo ak fòmasyon sou sekirite zam afe ak tire reyèl pou moun k ap chèche jwenn pèmi pou pò zam kache; entèdi moun ki gen pèmi pou pò kache pou pote zam afe yo nan kote ki sansib, tankou Times Square, ba, bibliyotèk, lekòl, bilding gouvènman yo ak lopital, pami lòt; epi egzije renouvèlman oswa resètifikasyon pèmi yo chak twa ane. Gouvènè a te anonse tou yon nouvo [sitwèb pou sekirite zam](#) pou bay piblik la, pwopriyetè zam yo, ak machann zam yo enfòmasyon konplè sou tout nouvo egzijans dapre lwa eta a.

"An repons a desizyon Lakou Siprèm lan te pran pou anile lwa sou pò kache ki gen yon syèk nan New York, nou te pran mezi rapid ak reflechi pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen refize renonse a dwa mwen antanke Gouvènè pou mwen pwoteje Nouyòkè yo kont vyolans ak zam oswa nenpòt lòt fòm mal.

Nan Eta New York, n ap kontinye montre wout la epi mete an aplikasyon lejislasyon bon sans sou sekirite zam".

"New York ap montre wout la nan batay pou redui vyolans ak zam epi sove lavi", **Gouvènè Adjwen Antonio Delgado te deklare.** "Nou vle asire ke tout manm nan kominote nou yo an sekirite, epi nouvo lwa sou kenbe kache ak pò sa yo pral ede anpeche trajedi lè yo asire ke pwopriyetè zam yo byen fòme, ke yo ankouraje mezi sekirite yo epi ke yo pa pote zam afe nan kote ki sansib yo".

Gouvènè Hochul te anonse tou nouvo kondisyon pou pèmi ak laj minimòm ki gen rapò ak pwopriyetè fizi semi-otomatik ki antre anvigè dimanch 4 septanm 2022. Apre dat sa a, yon moun dwe gen omwen 21 ane epi li dwe gen yon pèmi anvan li achte oswa posede yon fizi semi-otomatik. Nouvo egzijans sa yo te enkli nan yon pake lejislasyon Gouvènè a te siyen an repons a fiziyad an mas avèk motivasyon rasyal ki te rive nan Buffalo prentan sa a. Lisans pa obligatwa pou moun ki te posede fizi semi-otomatik anvan 4 septanm 2022.

Pandan plis pase 100 ane, New York te egzije moun ki t ap chèche pèmi pou pote zam kache pou yo sibi yon verifikasyon antesedan, ki te enkli tcheke si yo te gen nenpòt kondanasyon kriminel ki ta ka diskalifye yo pou posesyon zam ak referans karaktè. An repons a desizyon Bruen nan, eta a estandadize ak ranfòse verifikasyon antesedan ki nesèsè pou pèmi pou pote zam kache nan egzije kat referans karaktè; yon lis kont rezo sosyal ansyen ak aktyèl pou twa dènye ane yo; divilgasyon konjwen oswa patenè nan kay aplikan an, nenpòt lòt adilt ki abite lakay aplikan an, enkli nenpòt timoun adilt aplikan an; ak yon entèvyou an pèsòn avèk ofisye lisans li oswa reprezantan li. Òf lisans yo ka mande nenpòt enfòmasyon adisyonèl yo jije apwopriye.

Egzijans fòmasyon pou zam afe a aplike pou tout moun ki aplike pèmi pou pò zam kache nan dat 1 septanm 2022 oswa apre epi li gen ladan moun ki abite nan Vil New York ak konte Nassau, Suffolk ak Westchester epi ki oblije renouvle pèmi yo. Salklas 16 èdtan ak kou fòmasyon sou sekirite zam afe reyèl ki dire 2 èdtan dwe satisfè [nouvo estanda minimòm eta a](#). Estanda sa yo fèt pou bay pwopriyetè zam afe ki gen lisans konpetans ak konesans ki nesèsè pou konsève ak pote zam yo san danje, epi edike yo sou lòt sijè, tankou rediksyon konfli, prevansyon swisid ak itilizasyon fòs mòtèl, ki pral ede kenbe tèt yo ak lòt moun an sekirite.

Moun ki genyen pèmi pò zam kache kounye a epi ki resètifye pèmi sa yo avèk Lapolis Eta New York pa oblije pran nouvo fòmasyon sa a. Kounye a, renouvèlman ak resètifikasyon pèmi pou pò zam kache yo obligatwa chak twa ane olye chak senk ane. Nan fen ane a, Lapolis Eta a planifye pou etabli yon pwosesis resètifikasyon sou entènèt pou moun ki gen pèmi yo.

**Sirentandan Lapolis Eta a, Kevin P. Bruen, te deklare,** "Nou vrèman apresye lidèchip Gouvènè Hochul ak resous li te bay ki te pèmèt nou atake agresivman transpò zam ilegal nan eta nou an. Ofisye lapolis Eta a yo rete angaje nan misyon sa a, epi nou

devwe pou sispann kriminel yo ki trafike zam ilegal epi ki mete kominote nou yo an danje".

**Komisè Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl la, Rossana Rosado, te deklare,** "Nou te wè devastasyon ak chòk vyolans ak zam te lakòz nan kominote nou yo epi nou bezwen fè tout sa nou kapab pou sispann li. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li sou pwoblèm sa a epi nou fyè pou nou sipòte li, pou sekirite tout Nouyòkè yo, pandan n ap travay avèk patnè fòs de lòd nou yo ak gouvènman lokal yo pou etabli règ sekirite ak fòmasyon bon sans sa yo pou bay lisans".

**Lidè Majorite Sena a, Andrea Stewart-Cousins, te deklare,** "Kòm repons a desizyon Lakou Siprèm lan, ki vle di zam afe pi enpòtan pase lavi nan peyi sa a, nou te adopte lejislasyon pou garanti Eta New York gen lwa san danje ak responsab sou zam afe. Eta yo se dènye liy defans lan, se poutèt sa nou mobilize pou pwoteje New York pou li pa vin gen yon bann zam kache epi pou anpeche zam afe yo tonbe nan move men. Mezi sa yo, anplis lejislasyon kont vyolans ame nou te pase anvan sa a, vital nan yon moman kote gen plis zam afe pase moun nan Etazini. New York pral kontinye bay sekirite ak lavi moun priyorite, epi mwen remèsye konferans mwen an, Prezidan Asanble Heastie, ak Gouvènè Hochul pou kolaborasyon yo".

**Prezidan Asanble a Carl Heastie te deklare,** "Lakou Siprèm lan ak gwoup presyon sou zam yo ka bay aksè ak zam plis enpòtan pase lavi Ameriken yo men isit la nan New York nou ap fè yon deklarasyon solid pou sa pa akseptab. Lwa sa a pral ede kenbe Nouyòkè yo an sekirite nan espas piblik - pa sèlman lekòl ak bilding gouvènman yo, men nan boutik, transpò piblik, restoran ak lokal adorasyon yo. N ap kontinye goumen pou pwoteje moun kont vyolans ak zam epi ede kenbe fanmi yo an sekirite nan kominote yo."

**Majistra Vil New York, Eric Adams, te deklare,** "Desizyon *Bruen* Lakou Siprèm Etazini an se te kout bal yo te tandè atravè monn lan ki te vize yon fason mòtèl sekirite tout Nouyòkè yo. Vil New York pral defann tèt li kont desizyon sa a, epi, apati demen, nouvo kondisyon elijiblite pou moun ki aplike pou pèmi pou pò zam kache ak restriksyon sou pote zam kache nan 'kote sansib,' tankou Times Square, ap antre anvigè. N ap afiche siyal nan chak antre nan Times Square pou enfòmè moun k ap vwayaje yo ke zòn nan se yon zòn san zam epi moun ki gen lisans ak lòt moun pa gen dwa antre ak yon zam sof si lalwa otorize sa espesyalman. Antanke majistra Vil New York ak yon ansyen ofisye lapolis, pi gwo priyorite mwen ap toujou se sekirite tout 8.8 milyon moun ki rele vil sa a lakay yo, kidonk, alòske desizyon Tribinal Siprèm lan te ka ouvri yon lòt rivyè ki alimante lanmè vyolans ak zam yo, n ap fè tout sa nou kapab pou bare li epi kenbe New York kòm gwo vil ki pi an sekirite nan Etazini".

**Stephen J. Acquario, Direktè Egzekitif Asosyasyon Konte Eta New York yo, te deklare,** "Pwopriyete zam ki respekte lalwa merite dwa pou kenbe ak pote zam. Kòm responsab lisans ki chaje pou bay pèmi pou zam, travay nou se asire yon pèmi alè ak san danje. Nou apresye efò Gouvènè Hochul pou enkòpore kòmantè konte a pandan pwosesis aplikasyon an".

**Direktris Egzekitif New Yorkers Against Gun Violence lan, Rebecca Fischer, te deklare,** "Menm lè endistri zam yo atake lwa sanse nou yo sou zam, kominote nou yo, ak timoun nou yo, nou konnen nou ka konte sou lidèchip Eta New York pou toujou pwoteje nou. Nan mwa jen, Lakou Siprèm Etazini an, avèk sipò gwoup zam yo te revize lwa sou lisans pou pò kache New York la, yon lwa ki te ede kenbe Nouyòkè yo an sekirite pandan plis pase yon syèk. Kòm repons, eta nou an te pran mezi rapid lè li te adopte nouvo lwa ki pral ranfòse pwosesis otorizasyon piblik nou an epi ki pral pèmèt Nouyòkè yo viv an sekirite nan kote ki sansib atravè New York. Nou bat bravo pou Gouvènè Kathy Hochul pou angajman li pou l'abòde kriz vyolans avèk zam ak pou li sove lavi".

**Direktè Prensipal Afè Gouvènman Eta Everytown for Gun Safety, Monisha Henley, te deklare,** "Pandan vyolans ak zam ap kontinye afekte eta atravè peyi a chak jou, moun k ap fè règleman yo nan tout nivo yo gen yon wòl enpòtan pou yo jwe nan adopte lwa sou sekirite ki gen bon sans pou zam pou kenbe kominote yo an sekirite. Gouvènè Hochul ak lejislatè New York yo kontinye dirije peyi a nan batay sa a, epi nou fyè pou nou travay ansanm ak yo pandan y ap trase wout pou yon New York ki pi an sekirite".

**Prezidan Brady a, Kris Brown, te deklare,** "Kounye a, Nouyòkè yo pi an sekirite gras a Gouvènè Hochul ak lejislatè eta yo ki te demontre lidèchip ekstraòdinè nan pran mezi ki nesèsè pou pwoteje kominote yo kont vyolans ak zam. Desizyon Lakou Siprèm lan te pran pou entèfere nan lwa New York yo — lwa ke yon gwo majorite Nouyòkè sipòte — te flagran. Men jodi a, nou ka respire pi fasil lè nou konnen lwa eta a sou zam yo rete solid epi lidè eta yo ap koute rezidan yo epi yo reponn ak solisyon pou sove lavi".

**Konseye Anchèf Adjwen Sant Jiridik pou Prevansyon Vyolans ak Zam Giffords la (Giffords Law Center to Prevent Gun Violence), David Pucino, te deklare,** "Aprè desizyon enpridan Lakou Siprèm lan te pran pou li anile lwa 100 ane New York sou pò zam kache, lejislatè vanyan ki toupatou nan eta a te mobilize. Lidè sa yo konnen dwa pou pote zam pa ranplase tout lòt dwa, epi ke lwa sou sekirite zam ki gen bon sans ak baze sou prèv pa sèlman efikas—men popilè anpil tou. Lwa k ap antre anvigè demen an pral ankouraje sekirite piblik epi kenbe Nouyòkè yo an sekirite, nan limit Tribinal la fikse. Nou remèsye Gouvènè Kathy Hochul, Prezidan Asanble Carl Heastie, Lidè Majorite Andrea Stewart-Cousins, Majistra Eric Adams, ak Prezidan Asanble Adrienne Adams pou lidèchip brav yo sou pwoblèm lavi oswa lanmò sa a".

Lapolis Eta a ak Divizyon Jistis Kriminèl Eta a te devlope tou [Kesyon yo Poze Souvan sou nouvo lwa sou zam yo](#) pou piblik la, pwopriyete zam ak machann zam yo. Anplis de fòmasyon ak egzijans elaji pou verifye antesedan yo, lwa yo:

- Anpeche moun yo pote pistolè oswa revòlvè kache yo nan kote ki sansib. Moun ki pa egzante de restriksyon sa a dapre lalwa kapab akize avèk yon krim paske yo vyole dispozisyon pou kote ki sansib yo. Eta a pral lanse/te lanse yon kanpay sansibilizasyon piblik pou edike Nouyòkè yo sou nouvo restriksyon sa yo.

- Egzije verifikasyon chak mwa moun ki gen pèmi yo pou detèmine si yo gen kondanasyon kriminel oswa òdonans tribinal ki ka diskalifye yo pou yo gen pèmi pò kache. Eta a pral bay ofisyèl lisans lokal yo enfòmasyon sa yo pou yo ka aji.
- Oblije pou yo dechaje zam afe ki nan machin san siveyans yo epi fèmen yo nan yon depo estokaj ki rezistan ak dife, enpak ak falsifikasyon ki kache pou yo pa wè.
- Elaji egzijans depo ki an sekirite si timoun ki poko gen 18 ane oswa nenpòt moun ki entèdi pou posede yon zam ap viv nan yon kay ki gen zam afe, fizi, ak karabin.

[Sitwèb Depatman Konsèvasyon Anviwònman Eta a](#) gen plis enfòmasyon sou fason nouvo lwa yo gen rapò avèk lachas ak aktivite edikasyon lachas, ki gen ladan konpetisyon tire sib ak pyèj. Aktivite sa yo kontinye legal dapre nouvo lwa yo.

Lapolis Eta a ap travay tou pou aplike lòt egzijans ki anvigè an 2023: etabli sipèvizyon eta a pou verifye antesedan pou zam afe (1 jiyè); kreye baz done pèmi ak minisyon nan tout eta a (1 out); epi fè patenarya avèk Divizyon Sèvis Jistis Kriminel eta a pou etabli yon komite kontestasyon pou revize refi ak anilasyon pèmi yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)